ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA 4007/1

PAPER 1 Rondedzero neNzwisiso

NOVEMBER 2018 SESSION 2 hours

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo yose.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

©ZIMSEC N2018 Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, N2018.

CHIKAMU 1: RONDEDZERO

Zvichakubatsira kuti upedze **awa imwe chete** pachikamu chino.

1 Sarudza musoro **mumwe chete** kubva pane yakapiwa ugonyora rondedzero, yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe**450** ne**500** kana mapeji **mana**.

(a) Nyora mhan'aro kumukuru wechikoro uchitsanangura zvakaitika pamakaenda kune imwe yenzvimbo dzekushanyira muno muZimbabwe.

(b) Dindingwe rinonaka richakweva rimwe, kana iro rokwehwa roti mavara angu azara ivhu.

(c) Nyora mashoko auchataura semumiriri wevana vechikoro, uchitenda muzvinabhizimusi wemunharaunda akapa chipo chemakombiyuta kuchikoro chenyu.

(d) Nyora tsamba kuhama yako yave kuda kunoshandira kunze kwenyika ichisiya mudzimai nevana muno munyika uchimupa mazano angabatsire kuti imba yake isaparare nekuda kwekuparadzaniswa nebasa kwavepo.

(e) Nyora hurukuro pakati pavanhu vaviri vari kukavadzana mumwe achiti kudzidzisa vana kune pundutso mumwe achiti kwangova kupedza pfuma pasina chinozobuda kuvanavo.

(f) Nyora nyaya inopedzisira nemazwi anoti, "...rufu ndimadzongonyodze."

(g) Kukosha kwekurima mukurarama kwevanhu munyika yeZimbabwe.

[50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2 Nyatsoverenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yose neChiShona chakanaka.

Vaya vakataura kuti nhamo haibvi pane imwe vanenge vaireva ini. Hupenyu hwangu hwaiva hwekusonanidza sezvigamba kubva ndichiri mudumbu raamai. Baba vakandiramba ndichiri mimba, zvinove zvakapa mai vangu pfungwa yekutomboda kubvisa nhumbu iyi. Ko vaichidii chinhu charambwa nemwene wacho? Pakuedza kusvotora nhumbu iyi, zvinonzi amai vakarwara botsakufa asi nhumbu haina kubva. Kuwedzera munyu pachironda mai, vakazondibereka ndiine urema.

Mai nyakundibereka vakandipa zita rekuti Dzandimomotera, kunyangwe vaizoridimbura zvavo vachiti Dzandi. Zvakanetsa amai vangu kugamuchira kuti vakanga vapihwa mwana ane urema. Havaienda neni paruzhinji sezvo kwavari ndaisava mwana anodadisa pane vamwe. Zvekuyemedzwa zvinoitwa vamwe vapwere ini handina kumbobvira ndakazviziva. Ndakakura ndichingoziva mashoko ekutukwa nekutsiurwa nehasha chete.

Vabereki vaamai vangu vaiva venhehwechena, zvichireva kuti chekudya, chekupfeka kana chekufuka chaitowanikwa mushure mekutambura kukuru. Pakashaya sekuru naambuya, upenyu hwakawedzera kuoma. Panguva iyi ndakanga ndakura zvekuti ndaiona nekunzwisisa kutambura kwaiita mai vangu kuti tirarame. Ndakamboedza kufunga nzira dzekuvabatsira nadzo asi mabasa andaigona chete ndeaya anoitwa munhu akagara pasi, sekumenya nzungu kana kukuchidzira moto. Chikonzero chaiva chekuti rimwe gumbo rangu raiva pfupi, rimwe racho rakatsveyama.

Rimwe zuva Baba Ruzani, mufundisi wechechi yeRoma, vakauya ndokuudza mai vangu kuti ndainge ndofanira kuchienda kuchikoro. Sezvo ivo vaitogara pachikoro vakaudza amai kuti vasashushikane nezvemari yechikoro kana zvipfeko zvechikoro nekuti ndivo vaizozvibhadhara. Nyaya iyi yakanga isina matiziro, nekudaro amai vakabvuma. Vakati ndaizotanga mushure mesvondo mbiri.

Hana yangu yairova nekuti ndaisaziva zvekutarisira kuchikoro kwandaizoenda. Ndakanga ndisina kujaira kuona vanhu vakawanda sezvo nguva zhinji ndaingogara pamba. Nguva yakaita seinobhururuka, zuva rekuenda kuchikoro ndokusvika. Panguva iyi mai vangu vairatidza kunge vaive vondinzwira tsitsi, kana kuti kwaiva kundityira. Handina kunyatsonzwisisa. Kubva zvashaya sekuru nambuya, tainge tongogara tiri vaviri. Ndinofunga kuti ndipo pakaona amai vangu kuti kunyangwe ndairarama nehurema zvangu, ndaitogonawo kuvatandadza tichitaura nyaya. Ndinoonawo zvakare kuti vakanga vagamuchira tsumo yevakuru iya inoti, "Ane ganda ane nyama, hazvienzani neakabata howa."

Kusvika kwandakaita pachikoro ndakabva ndangoona kuti ndainge ndisiri wepo. Vamwe vana vainditarisa sekunge ndainge ndisina kusimira, vamwewo ndivo vaiseka. Zuva iri rakandiomera zvandisingagoni kutsanangura. Mumwe mudzidzisi akanditora ndokuenda neni kuhofisi kwake. Akaedza kunditsanangurira kuti vamwe vana vaizondijaira nekufamba kwenguva, naizvozvo ndaisafanira kuora mwoyo. Panguva iyi, ini ndakanga ndongoda kudzokera kumba kuna mai. Hurema chinhu chinouya pauri usingachidi, nekudaro ndaisaona zvakakodzera kuti vanhu vanorarama nehurema vasekwe. Vanhu vanorarama neurema vane matambudziko avagara vachisangana nawo mukurarama kwavo zvekuti kuvaseka kunotova kujogodora chironda chagara chiripo nechitanda.

Shungu dzangu padzakange dzaserera, ndakataurira mudzidzisi kuti zvechikoro ndakanga ndisisadi. Vakati vainzwisisa zvandaireva asi ndokuti hapana kukura kwandaizoita ndikaramba ndigere kumba naamai vangu. Vakanditsanangurira zvandakanzwisisa kuti dzimwe nguva tinofanira kumisidzana nezvinhu zvakaomarara, tozvirwisa kusvika takunda. Mashoko aya ndiwo akandibatsira kuti ndigone kuenderera mberi nechikoro. Nanhasi ndinoarangarira pese pandinenge ndakatarisana nechinokurira.

Kunyangwe ndakasangana nehondo zhinji muupenyu hwangu chinongondifadza ndechekuti ndakadzirwa ndikakunda. Kutaura kuno ndatovewo nebhizimusi rangu rekugadzira midziyo inorerutsa upenyu hwevanorarama nehurema. Mimwe yacho ishangu dzekurebesa makumbo, mawiricheya, madondoro nemimwewo. Kutaurakuno mai vangu votoverengwawo pavabereki vari kuchengetwa zvakanaka nevana vavo. Ndakaroora ndatovawo nemhuri yangu.

Ndinovimba rungano rweupenyu hwangu rwuchava kurudziro kune vaye vakatarisana nezvimhingamupinyi zvakasiyana-siyana. Hapana gomo risina ukwiriko. Zvinongoda kunzwisisa kuti upenyu nhasi makata, mangwana materu, uye kudikitira pakukwira makata aya kusatiodze mwoyo. Tinosvika chete!

(Nyaya yakanyorwa nemunyori asingazivikanwi)

(a) Doma zita remunyori werungano urwu. (1)

(b) Munyori aiva neurema pamitezo ipi yemuviri wake? (1)

(c) Ndeapi matambudziko **matatu** abuda mundima anosangana nevanhu vanorarama neurema? (3)

(d) Ndeipi dzidziso huru iri murungano inoburitswa neupenyu hwemunyori? (1)

(e) Ndezvipi zvakashaikwa nemunyori pakukura kwake zvaiwanikwa nevamwe? (2)

(f) Ndechipi chirevo chiri mundima chinoratidza kuti munyori akarwadziwa chose nezvakaitika musi waatanga kuenda kuchikoro? (2)

(g) Tsanangura zvinoreva ndevo dzinotevera semashandisirwo adzakaitwa mundima:

(i) baba vakandiramba ndichiri mimba, (2)

(ii) Vabereki vaamai vangu vaiva venhehwechena, (2)

(iii) nguva yakaita seinobhururuka, (2)

(iv) pandinenge ndatarisana nechinokurira, (2)

CHIKAMU 1: RONDEDZERO

1 **(a)** Nyora mhan'aro kumukuru wechikoro uchitsanangura zvakaitika pamakaenda kune imwe nzvimbo yekushanya muno muZimbabwe.

- ngaape munyori wegwaro
- kwairi kuenda
- zuva ranyorwa mhan'aro
- ngaapewo musoro wegwaro rake
  - ngaape zita renzvimbo yakashanyirwa nezuva rakafambwa uye kuti vakasimuka nguvai
  - zvakashandiswa pakufamba
  - ndivanani vakaenda, vari mufomu yechingani, uye vangani?
  - Gadziriro yavakaita vasati vaenda
  - Ngaarondedzere mafambiro avakaita, zvavakaona munzira nezvakaitika pavakamaira
  - Nguva dzavakasvika, zvakaitika nezvavakadzidza panzvimbo iyi
  - Matambudziko avakasangana nawo uye kuti akagadziriswa sei
  - Kudzoka, nguva dzokusimuka nokusvika uye nguva dzavakasvika

[50]

(b) Dindingwe rinonaka richakweva rimwe kana iro rokwehwa roti mavara angu azara ivhu.

Ngaive nyaya imwe chete inoratidza kuti kune vamwe vanhu vanofara kana vachiitira vamwe zvakaipa asi kana ivo vakaitirwa zvimwe chetezvo vanotsamwa zvikuru.

- ngaive rondedzero ine vatambi vanotendeseka
- ikava tunyayanyaya unorasikirwa nezvibodzwa

(c) Nyora mashoko auchataura semumiririri wevana vechikoro chenyu uchitenda muzvinabhizimusi wemunharaunda akapa chipo chemakombiyuta kuchikoro chenyu.

- Munyori ngaatange nekukudza vanyarikani vari pagungano iri.
- Zita remutauri.
- Zuva renhaurwa.
- Ngaataure chinangwa chenhaurwa.
- Mumashoko ekutenda chipo chemakombiyuta ngaajekese kubatsira kuchaita makombiyuta, zvinosanganisira:
  - makombiyuta ave kutora nzvimbo yemabhuku, vana voita vhendenyuro/kutsvaga ruzivo
  - varairidzi vave kukwanisa kuita basa rakaita sekudzidzisa nekukwenya, gwaro remazita evana, nerezvibodzwa zvevana
  - kufambisa mashoko nekukurumidza
  - tsvakurudzo - unogona kuwana mabhuku ose
  - kugona kushandisa makombiyuta zvinoreva kuvandudzika kwounyanzvi hwokushandisa makombiyuta mune ramangwana

- kunyora kwakareruka, zvakachena, zvinoverengeka
- kuchengetedza magwaro akakosha
- vamwe vave kurarama nebasa rinoitwa pamakombiyuta, semifananidzo, zvitupa zvemhando dzakasiyana, zvichibatsira vemunharaunda
- kutsikisa mapepanhau anoitwa nevana muzvikoro

[50]

(d) Nyora tsamba kuhama yako yave kuda kunoshandira kunze kwenyika ichisiya mudzimai nevana muno munyika uchimupa mazano okuti imba yake isaparare nokuda kwekuparadzaniswa nebasa kwavepo.

- Ngaive tsamba ine kero imwe chete
- Pakwaziso yake ngaatange nokuti:
  - Wadiwa Tonderai
  - Anodiwa Tonderai
  - Mudikanwi Tonderai
  - Mudiwa Tonderai
- Ngaapedzise nokuti:
  - Ndini wako
  - Ndini wako anokuda
  - Ndini wako wepamoyo
  - Pazasi onyora zita rake rekutanga chete
- Mutsamba anogona kuburitsa fungwa dzinotevera:
  - sezvo asina kumboparadzana nemudzimai ngaasasiyane naye, ngaachengetedze wanano
  - ngaatsanangudze kumudzimai nevana asati aenda kukosha kwezvaari kufambira
  - ngapave neurongwa kuti zvinhu zvinofamba sei asipo
  - mudzimai nevana vawane zvikwanisiro zvose
  - ngaagadziridze mapepa mhuri izoteverawo nekukasika
  - vagoramba vachitaurirana nemhuri yakasara, zvikuru mudzimai sezvo ave mumiriri wemhuri
  - kuramba vakavimbika
  - kutumira zviri kushaviwa/kushandwa
  - kupota achidzoka kumba
  - ngaaendese vana muzvikoro zvekugarako
  - nguva dzezororo mudzimai nevana vagonewo kushanya ikoko

(e) Nyora hurukuro pakati pavanhu vaviri vari kukakavadzana mumwe achiti kudzidzisa vana kune pundutso mumwe achiti kwangova kupedza pfuma pasina chinobuda kuvanavo.

- Ngapave nehurukuro ine vatambi vaviri vari kukavadzana.
- Hurukuro ngaive neuremu hwakaenzana.
- Anotsigira kudzidziswa kwevana anogona kuti:
  - vana vanozokwanisa kusimudzira nyika
  - vana vakadzidza vanoshandira mhuri dzavo neunyanzvi
  - vanozorooranawo nevakadzidza zvovapa upenyu hwakanaka

- zvinovapawo chiremera
- kuchengeta vabereki vavo kupinda vasina kudzidza

- Anopikisa kudzidziswa kwevana anogona kuti:
  - kushaikwa kwemabasa kunyangwe nevakadzidza
  - kuzoshaya hanya nevabereki ivo vapedzera pfuma pakudzidzisa vana
  - vasina kudzidza ndivo vari kuita mabhindauko anopa pundutso
  - kudzidzisa vana kwave kudhura pasina chinozobuda

[50]

(f) Nyora nyaya inopedzisira nemazwi anoti, "...rufu ndimadzongonyodze."

- Rondedzero ngaive nenyaya imwe chete ine vatambi vanotendeseka.
- Rondedzero ngaipere nemazwi anoti, "... rufu ndimadzongonyodze."
- Zvakaipira rufu zvinogona kusanganisira: kurwadziwa kwevasiiwa, kudimburirwa panzira kwehurongwa hwemufi, kuparadzaniswa kwevadiwa.
- Pfungwa dzerungano rwakarukwa ngadzive dzinoerera dziine udzamu.
- Tukave tunyaya twakawanda, rondedzero ngaikwenywe kwa25.
- Akasapedza nemazwi akapiwa tinobvisa zvibodzwa zviviri pagohwo remunyori. [50]

(g) Kukosha kwekurima mukurarama kwevanhu munyika yeZimbabwe.

- Mwana ngaataridze kuti anoziva kuti kurima chii.
- Ngaadome mhando dzekurima sokuti:
  - kurima mbesa
  - kuchengeta zvipfuyo

  Mudzidzi ngaadome kukosha kwekurima sokuti:
  - kuwanisa vanhu zvekudya
  - kuti vanhu vave vatano
  - kuwanisa vanhu mabasa
  - kuwanisa nyika mari yokunze
  - kuwanisa vanhu zvokupfeka
  - kupa chiremera kunyika
  - kuchengetedza upfumi kwenyika semari ingashandiswa kutenga chikafu nezvekupfeka kubva kunze
  - kubura nyanzvi dzinogona kudzidzisa nezvekurima
  - kukwezva vashanyi kubva kune dzimwe nyika

[50]

CHIKAMU II: NZWISISO

2 (a) Dzandimomotera. (1)

(b) makumbo, rimwe raiva pfupi rimwe raiva rakatsveyama. (1)

(c) Kushaya mukana wekusangana nevamwe vana, kutariswa nenzira inobvisa chimiro, kutadza kuzviitirawo mabasa, kusekwa. (Munyori ngaanyore zvitatu) (3)

(d) Vanhu vanofanira kushingirira pane zvakaoma. (1)

(e) (i) kuyemawo sevamwe

(ii) rudo chairwo rwevabereki

(iii) zvokudya nezvokufuka

(2)

(f) Zuva iri rakandiomera zvandisingagoni kutsanangura. (2)

(g) (i) Mai vaDzandi vakarambwa vaine nhumbu yake/vasati vamuzvara. (2)

(ii) Vabereki vaamai vemunyori vaiva varombo vanotambudzika. (2)

(iii) Nguva yakakurumidza kupera. (2)

(iv) Panguva yekurwisana nematambudziko makuru. (2)

(v) Dambudziko rese rine nzira yekurikunda. (2)

(h) <u>Pfupiso</u>

- kurambwa kwamai Dzandi vaine nhumbu
- kuedza kubvisa nhumbu kwavo
- kuzvara mwana akaremara
- nhamo mumhuri yamai Dzandi
- kuenda kuchikoro kwaDzandi
- kusekwa nekushungurudzwa kwaDzandi kuchikoro
- kushinga kwaDzandi
- kubudirira kwaDzandi (10)

7 points - 7 marks
paragraphing - 1 mark
coherence - 1 mark
language - 1 mark

[30]